The Shona Herald

Mharidzo Yokuuya Kwake

No. 17 Ndiri kukurumidza kuuya. Ramba wakabatisisa zvauinazvo, kuti pasava neanotora korona yako... -- Zvakazarurwa 3:11 2023

Munhu Akazvarwa Nemukadzi . . .

NaGodfrey Ndiriwenyu

Kuti unyatsonzwisisa nekutapirirwa nemharidzo inotevera ndapota verenga Jobho 14:1-3 naJohane 3:1-8.

Mudikani, nhasi ndauya nekasvomhu [kamaths] kana kuti kaikwezheni komuBhaibheri [theological equation] kandinoda kuti tionesane nokubatsirana kukawadzurura ndiine chinangwa chokuti kumaperero eMharidzo yangu tose tibude tine mhinduro ingangoti tungamidzira kuupenyu husingaperi. Mwari ngavatibatsire hama mutendi. Shoko raMwari huchi neudobodobo uye machikichori. Rangarira *"Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, uye runotibatsira pakudzidzisa, kurayira, kutsiura nokurairidza mukururama, kuti munhu waMwari akwanisirwe kwazvo, agadzirirwe mabasa akanaka"* [2 Timoti 3:16]. Kasvomhu komuBhaibheri kandinako aka kadiki-dikisa zvako asika kanotapirisisa, kakakosha zvikuru mudikani uye makari mune zaruriro yeDenga iyo inotungamirira kuupenyu husingaperi. Kanyaya kana kuti kasvomhu kedu kanotangira muTestamendi Yakare, [Old Testament] kachinozono pera rave zinyaya zihombe muTestamendi Itsva [New Testament]. Kakatangwa nevakuru vedu vekare, vana Abhurahamu, Enoch, Jobhu [mapatriachs] kakazonoperere mumharidzo yaIshe wdu Jesu Kristu. Zvichireva izvo kuti kanyaya kakakosha uye kanobata-bata mativi ose ari maviri eBhaibheri Shoko raMwari. Chiuya hama tifambe tose tichionesana icho chakakosha chiri muShoko raMwari ... Ndapota usakanganwe kuti *"Shoko raMwari ibenyu uye rine rose simba. Rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, uye rinobaya kusvikira panoparadzana mwoyo nemweya, namafundo nemwongo uye rinotonga mifungo nendangariro dzomweya"* [VaHebheru 4:12]. *"Uswa hunooma uye maruiva anowa, asi shoko raMwari wedu rinogara nokusingaperi"* [Isaya 40:8]. Ndokumbira undiverengerewo Jobho chitsauko 14:1-3, Kana waiona inoverengeka sezvizvi "Munhu akazvarwa nemukadzi ana mazuva mashoma panyika uye azere nokutambudzika. Anobuda seruva agosvava; anotiza semumvuri, haagari. Ko munotarisisa munhu akadai here? Ndianiko angabudisa chakachena pane chine tsvina? Hakuna!"

Zvichida mukurwadziwa kukurusa, Jobho anosvikirwa neuyu mufumgo nemuono "Munhu akazvarwa nemukadzi ana mazuva mashoma panyika uye azere nokutambudzika. Iyi yakave "revelation," zaruriro hurusa yakawira mupfungwa dzake iye Jobhu. Muzovovo rakapomhodzwa anodonhodzerwa aya manzwi mukati memwoyo wake uye nendangariro dzake. *"Munhu wose akazvarwa nemukadzi mazuva ake mashoma panyika, anorarama kwenguva pfupi-pfupi panyika ino uye mazuva iwayo akamomoterwa nenhamo nekutambudzika."* Agouya agowedzeredzazve achiti, "munhu iyeye anobuda seruva, osvava; Anotiza semumvuri, onyangarika." Imbonyatsofungisisa mudikani pamusoro pemashoko iwaya… Mafungiro aya manyukiro oMweya Mutsvene chaiwo.

Kuti Jobho akazarurirwa sei, uye nguva ipi, aiwa izvi hatinganyatso zviziva kana kunzwisisa. Kuda zvimwe zvakauya nekurota ari kutsi kwehope kana kuti nokuda kwokurwadziwa kukurusa mumuviri wake, asika mumuromo waJobho makabude mashoko ari uchi nemukaka. Bvamashoko akadzama anouchenjeri hukurusa uye neukosha. Anorwadza nekusuwisa. Zvanzi izvo, "Munhu wose akazvarwa nemukadzi ana mazuva mashoma panyika uye mazuva iwayo mashoma zvakare azere kutambudzika. Imbozvitora nenzira iyi hama mudikani. Panguva iyo apo tinoyemura vamwe vedu, ngatiti isu vaya vasvitsa makore zana neano raudzira, tichiti isu heyi 'munhu ararama makore akawanda uyu", Bhaibheri Shoko raMwari rinoti makore iwayo mashoma. Jobho ati hapana, mashomasa. Nemhaka yei Jobho achidaro? Nemhaka yokuti "Munhu iyeye akazvarwa nemukadzi". Shoko raMwari riri kuti iro wose munhu ari upi zvake, kana akazvarwa nemukadzi chete, mazuva ake mashoma. Hazvinei kuti munhu iyeye ararama chiuru kana kupfuura chamakore, kana akazvarwa nemukadzi chete, makore iwayo mashoma. Zvanzi naJobho "mazuva omunhu wose akazvarwa nemukadzi mashoma panyika". Munzwe achienderera mberi "…ana mazuva mashoma panyika uye [uye mazuva iwayo] azere nokutambudzika. Anobuda seruva agosvava; anotiza semumvuri, haagari. Zvinorwadza nhai? Asika nyaya yedu hayipereri ipapa. Ngatidzikei nenyaya yedu tione zvakare mudikani....

Kune vamwe vanhu vatinoona nokunzwa kuti vakapfuma nokupfumisisa, vanazvo zvose, vakagarika tigofunga kuti heyii vanhu ava vari mumutambarakede, ihwitakwi, [mazuva ano vanoti imbinga] uyezve tigofunga kuti havana

(Inoenderera Mberi Papeji 2)

(Kubva Papeji 1)

matambudziko nezvinovanetsa. Jobho anoti iye aiwa bodo, mazuva avo azere nokutambudzika. Nemhaka yei Jobho achidaro? Nemhaka yokuti "Vanhu vakazvarwa nemukadzi". Zviri kurehwa neShoko pano ndezvizvi mudikani, wose munhu ari upi zvake, kana akazvarwa nemukadzi chete, mazuva ake azere kutambudzika. Kana wakazvarwa newe ropa nenyama chete, uri wenhamo. Zvose muupenyu hausiri mutambarakede sezvatioona nekufunga bodo. Hazvinei kuti munhu iyeye akapfuma sei sekuona kwameso edu, kana akazvarwa nemukadzi chete, anedambudziko rake somewhere. Zvanzi naJobho "mazuva omunhu wose akazvarwa nemukadzi azere kutambudzika".

Chakonzero nei makore omunhu ari mashoma panyika, nemhaka yokuti akazvarwa nemukadzi. "Munhu akazvarwa nemukadzi ana mazuva mashona panyika. Chikonzero nei munhu ari kutambura pane ino nyika, akazvarwa nemukadzi, "Munhu wose akazvarwa nemukadzi ana mazuva azere nokutambudzika.

Ichi ichokwadi chinorwadza, asika ndozvazviri. Sahwira kana uchibvumirana neni kuti Bhaibheri rine chokwadi chaMwari, zvarehwa naJobho ndochokwadi chaicho icho, kuda kana kusada. "Munhu wose akazvarwa nemukadzi ana mazuva mashoma panyika uye azere nokutambudzika. Anobuda nhasi seruva agosvava risati ravira; anotiza nekunyangarika semumvuri, haagari.

Asika kana Jobho achiti "..ana mazuva mashoma panyika uye azere nokutambudzika. Anobuda seruva agosvava; anotiza kana kuti anonyangarika semumvuri, haagari', hazvireviwo here izvo kuti iripo nyika iyo munhu anokwanisa hake kurarama mazuva akawanda uye munyika iyoyi hamuna kutambudzika? Munyika iyi munhu seruva haasvavi, haanyangariki zvakare haatizi semumvuri. Nyika iyo munhu anogara nokusingaperi. Mhinduro ndeinoti hongu iriko nyika iyoyi, asi wose anoda kupinda mairi, haafaniri kuzvarwa nemukadzi. Anotofanira kuva akazvarwa nechimwe chinhu kwete nemunhu wemukadzi. Ukangozvarwa nemukadzi chete, dzvo! Zvatokiringa. Nemhaka yeiko? Bhaibheri Shoko raMwari rinoti "Munhu akangozvarwa nemukadzi chete ana mazuva mashoma panyika uye azere nokutambudzika. Anobuda seruva agosvava; anotiza semumvuri, haagari. Chikonzero chikuru nei mwana wemunhu, ana makore mashoma uye achigaronzondora, dikita neropa, kuzvarwa nemukadzi. "Munhu akazvarwa nemukadzi ana mazuva mashoma panyika uye azere nokutambudzika. Anobuda seruva agosvava; anotiza semumvuri, haagari. Ko nyika iyi ndeipiko nhai mudikani? Inopindwa Seiko iyi nyika isina kutambura nokufa? Mhinduro tinoyiwana mubhuku yaJohane chitsauko chetatu.

Dzidziso YaJesu Kuna Nikodhimo…

Kwakange kune mumwe murume, uyo waive mukuru wava Judha, ari weboka ravaFarisi, uyo akauya nemubvunzo mumwe chetewo kuna Ishe Jesu. Zvichida aive asina kunyatsonzwisisa paraiparidzwa naJesu masikati hameno, asika Nikodhimo akauya munguva dzamanheru kuti anyatsonzwisisa mamiriro esvomhu iyi. Mhinduro yakawanikwa nemukuru uyu, yakamuvhiringa Nikodhimo akasara ane dzungurere nemanherebvu. Johane 3:1-6 *"Akauya kuna Jesu usiku, akati: Rabhi, tinoziva kuti imi muri mudzidzisi mukuru akabva kuna Mwari, nokuti hapana anokwanisa kuita zviratidzo izvi zvamunoita kunze kwokunge Mwari ainaye."* Haleluyah!! Mudikani, uri kumunzwa ere, Nikodhimo achipupura ega nemuromo wake? Zvanzi *"imi muri mudzidzisi mukuru akabva kuna Mwari, nokuti hapana anokwanisa kuita zviratidzo izvi zvose zvamunoita kunze kwokunge Mwari ainaye."*

Chinzwa mhinduro yaanowana kubva kuna Mambo wamadzimambo, "Chokwadi, chokwadi ndinoti kwauri, kana munhu asina kuberekwazve, haagoni kuona Umambo hwaMwari." Nikodhimo akati kwaari: "Munhu angaberekwa seizve iye akura? Zvingaita here kuti apindezve mudumbu raamai vake kechipiri agoberekwazve?" Jesu akapindura achiti: "Zvirokwazvo zvirokwazvo ndinoti kwauri, kana munhu asina kuberekwa nemvura nemweya, haagoni kupinda muUmambo hwaMwari. Chakaberekwa nenyama, inyama, uye chakaberekwa nemweya, mweya…."

Wazoinzwa nyaya yacho nhai mudikani. UMambo hweDenga hahupindwi neakazvarwa nemukadzi bodo. Jobho 14:1-2 yarambisisa! Kumubvunzo wedu uya wapamusoro mhinduro tazoiwana. Hongu iriko nyika inoraramiwa nokusingaperi, hongu iriko nyika isina matambudziko nokuchema, asika iyi nyika inopindwa chete neakazvarwa neMweya nemvura kwete nemukadzi. Nemamwe manzwi Jesu varikuti ivo, kuti iwe neni tipinde munyika iyi isina kuchema, ine makore akawandisisa asina kupera, tinofanira

Mharidzo Yokuuya Kwake imagazini rinotsikiswa nguva iri ipi zvayo pagore zvichienderana nokupihwa kwatinenge taitwa rubatsiro naMwari uye nevanotitsigira muzvipo neminamato. Rinopihwa pachena kuna ani naani anenge arikumbira kubva kune veGospel Revivals Inc. avo vanotsikisazve magazine rechirungu rinonzi Herald Of His Coming. Kero yavo inoti: P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878. U.S.A.

Mukoponori nomupepeti weMharidzo Yokuuya Kwake: Godfrey Ndiriwenyu. Tumirai minamato, zvikumbiro nemanzwi okutenda pakero yavo yomuZimbabwe inoti: 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo, Zimbabwe. E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com. Nhamba dzembozharunhare dzinoti +263 772 929 673. +263 292 498041. Nhengo dzevapi vemazano: Pastor Fortune Mate, Inock Siziba, Promise Nyathi, Maxwell Matewe.

kuzvarwa patsva, asi kwete nomukadzi. Munyika iyi munhu seruva haasvavi, haanyangariki zvakare haatizi semumvuri. Anogara nokusingaperi. Iriko nyika iyoyi, asi wose anoda kupinda mairi, haafaniri kuzvarwa nemukadzi. Anotofanira kuva akazvarwa nemvura neMweya. Mudikani ndapota batisisa mashoko aJesu pano: "…kana munhu asina kuberekwa nemvura nemweya, haagoni kupinda muUmambo hwaMwari.

Ukangozvarwa nemukadzi chete, dzvo! Chinodikana chete ndechokuti munhu azvarwe patsva pamweya. Kana ukatendeuka, wobhabhatidzwa mumvura, hausisiri mwana wemukadzi pamweya bodo. Wave Mwana waMwari, "Asi vose vakamugamuchira [apa achireva iye Jesu] akavapa kodzero yekuva vana vaMwari, nokuti vaitenda muzita rake. Ava havana kuberekwa neropa kana kuti nokuda kwenyama kana kuti kwemunhu, asi nokuda kwaMwari". [Johane 1:12 yakanatsurudzwa]. Mupositori Pauro vanoti vanhu ivava vave zvisikwa zvitsva. "...Kana munhu akabatana naKristu, ava chisikwa chitsva; zvinhu zvakare zvakapfuura; Tarirai! zvinhu zvitsva zvavapo. Asi zvinhu zvese zvinobva kuna Mwari, uyo akazviyananisa nesu achishandisa Kristu akatipa ushumiri hwekuyananisa, hwokuti Mwari akanga achizviyananisa nenyika achishandisa Kristu, hasingavaverengeri zvitadzo zvavo, uye akatipa shoko rekuti tizivise nezvekuyananiswa."

"Zvino ndinokuisai kuna Mwari neShoko renyasha dzake, iro rinogona kukuvakai uye richikupai nhaka pakati peavo vakaitwa vatsvene". [Mabasa 20:32] Nokuti Shoko raMwari ibenyu uye rine simba. Rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, rinobaya kusvikira kunyange panoparadzana mwoyo nemweya. namafundo nemwongo; rinotonga mifungo nendangariro dzemwoyo. Hapana chisikwa chakavanzika pamberi paMwari. [VaHeberu 4:12]

Zvidzidzo ZveBhaibheri . . .

Gadzirira-Ishe Varikuuya . . .

NaMfundisi Zivai Shoko

"Tarira, ari kuuya namakore, uye meso ose achamuona, kunyange naivo vakamubaya, uye maruedzi ose enyika achachema nokuda kwake. Saka zvichaita saizvozvo! Ameni" [Zvakazarurwa 1:7]. *"Uyo anopupura zvinhu izvi anoti, 'Hongu, ndinokurumidza kuuya'"* [22:20].

Ndopane nyaya yedu yose ipapo mwaka uno – **Jesu varikuuya!** Ndiyo yakave nhanganyaya yedu makore gumi nematanhatu apfuura, uye nanhasi ndoichingori pamiromo yedu – **Jesu varikuuya!** Uye zvanzi meso ose achamuona kunyange naivo vakamubaya, vakamutambudza, uye marudzi ose enyika achachema nokuda kwake. Mashoko iwawa – Jesu arikuuya – ndiyo nyenyedzi yatungamira rutendo rwamaKristu pasi rose uye pamarudzi ose. Ndiwo mwongo, ndihwo hwaro hwetariro yedu, iwe neni tinotenda muna Jesu Kristu. Ndiwo chidhindo chikuru chinotitsaura kuzvose zvitendero zvepasi rino – pane murume akafa, akamuka, akakwirra kuDenga uye achadzokazve – Jesu varikuuya!

Bvisa Jesu muchitendero chechiKristu – unenge wachiuraya – chinova chitunha, hachina upenyu. Bvisa rumuko kuvakafa **[resurrection]** – wachiremadza – chinogwadama. Bvisa kuuya kwake rwechipiri **[second coming]** – wachipofamadza – hachichaoni, hachichisisina tariro. Wakakomborerwa hako iwe mutendi anobatisisa aya mashoko okuuya kwake nokuti wakachenjerera upenyu hwako zuva nezuva.

Ndine urombo zvikuru nevatungamiri, vaporofita uye nevaparidzi vari kushonyorora nokuondonga ivhangeri tsvene [yomuchinjikwa]. Varkungogara vachikwamarara nekukwamatata vachiudza vanhu nezvokunakidzwa nezvepasi rino vasingavarangaridzi vatsvene kuti vachenjerere upenyu hwavo nokuti Mwanakomana weMunhu, Jesu Kristu varikuuya. Ndine urombo zvakare nevatungamiri vave kutanga kurova nokushungurudza vamwe varanda nehwayana dzaMwari, uye kudya nokunwa nezvidhakwa vachikanganwa kuti Tenzi vakati varikuuya. *"Naizvozvo, garai makagadzirira nokuti homuzivi zuva iro Ishe wenyu achauya naro. Asi nzwisisai izvi...garai makagadzirira nokuti Mwanakomana woMunhu achauya"* [Mateo 24:42-44]. Denga nenyika zvichapfuura hazvo asi shoko raIshe wedu haritongopfuuri – Jesu ari kuuya! Uswa hunooma uye maruva anowa asi shoko reShe wedu richagara nokusingaperi – Ishe Jesu varikuuya! Vemasimba ose Ishe vari kutarira havo kuti vaone kuzadziswa kweshoko ravo. Shoko guru ririiro rokuti Jesu vari kuuya. "Naizvozvo, garai makagadzirira nokuti homuzivi zuva iro Ishe wenyu achauya naro."

Kudzoka kwaKristu Jesu, ndiyo hook, ndiwo mudzi wokutenda kwavatsvene muna Kristu. Ndiro bhanhire rinosunga tsungiriro nokushangairira kwedu kwose. Ndiro wonakure (bhainokura) rinotipa manyukunyuku nemanyawi. Ndosaka ndati ini pakutanga, ndoopane nyaya yedu huru ipapo samaKristu. Mubvunzo mukuru wandagara ndichizvibvunza ndeunoti "vakristu vazhinji vachiri kuzviziva here? Vachakabatirira here panyaya iyoyi hurusa. Kana iyo nyika zvayo pachayo inozviziva here, iri kuudziwa here

manzwi iwaya? Ko nhai hama vatendi – Hazvingadaro here kuti vaKristu tatorara nokukanganwa icho chikurusa chatinofanira kuudza nyika. Kukotsira zvedu nezamu makanwa tichikanganwa kuti tiripamunda, tiri pabasa. Chimbomira ufungisise pamusoro pezvizvi. Wakagumisira riini kuparidzira kana kuparidzirwa nezveshoko guru rokuuya kwake. Wakagumisira riini kuparidza kana kuparidzirwa neivhangeri yomuchinjikwa uye kugadzirira kudzokazve kwaKristu. Kunze kwekuvaparidzira nerokuti vangapfuma nekuporeswa sei uri kuvayeuchidza here, somuparidzi weShoko roupenyu, kuti vachenjerere upenyu hwavo zuva nezuva uye nguva nenguva. Kuti vave vatsvene sezvo iye arikuuya ari mutsvene. *"Zvino muchenjere kuti munorarama sei, kwete sevasina kuchenjera asi sevakachenjera, muchishandisa mikana yose, nokuti mazuva akaipa Naizvozvo musava mapenzi, asi munzwisise kuti kuda kwaShe wenyu ndokupi"* [VaEfeso 5:15].

Mudikani mwoyo wangu unorwadzikana nekudzimbikana zvikuru kwazvo, kuona Kereke yaMwari ichiudzwa nokutarirwa zvokuita nevari munyika. Kereke rave bofu,yave chidzungutevere yapererwa nezano nhai. Mumutaura wemafoni, rega nditi ini Kereke yave paAirplane Mode. Yotoudziwa nenyika kuti yozvifambisa sei? Mwari havachabvumidzi kutaura. Maiwe zvangu kani! Kereke youdziwa kuti yopfeka sei, togara sei mudzimba dzedu, kuti toparidza nokushumira sei uye kuti tovata sei uye nguvai. Nhai wedenga iwe! Batsira! Kereke yako yoitwa chikukuvata nenyika. Y asungwa mbiradzakondo yapererwa yongoita chidzungutevere. Yave kubvumira hungochani mumakereke ayo. Igoti tuzu bwai-bwai ichishayawo neromuromo somuenzi adzipwa nembamaira. Vana rangove jwe-e-chwe-e vasisina tariro nokuti havachazivi chavanoraramira – icho chokuti nerimwe ramazuva Ishe varikuuya! Chishuwo changu ndechokuti dai rumbo rwengirozi dzedenga rwaimbwazve siku nesikati pane ino nyika yavapenyu. *"Mutsvene, mutsvene, mutsvene, ndiye Ishe Mwari Wamasimba Ose, akanga aripo, aripo uye achazouuya"* [Zvakazarurwa 4:8]. Kuti tigare tichirangaridzwa kuti "lyeyu Jesu akabviswa kwatiri achienda kudenga, achadzokazve sezvamamuona achienda kudenga."

Ndiyo mharidzo yatinayo mwedzi uno. Kurangaridza vatsvene vose kuraramira kufadza Mwari uye kuti vagare vakarinda. Hama hatidi kuti muve vasingazivi pamusoro pokuuya kwake. Hatidi! Samashoko aShe pachake, *"achaburuka achibva kudenga, nokurayira kukuru, nenzwi romutumwa mukuru uye nokurira kwehwamanda yaMwari, uye vakafa munaKristu vachatanga kumuka"* [VaTesaronika 4:13-16]. Bepanhau reMharidzo Yokuya Kwake rineichochi chinangwa chekudzoredzera vatsvene kunaJehovha Mwari Mutsvene.

Kuvakurudzira vatendi kuti vamire vakasimba, pashaiwe chingavazungunusa, zvikuru sei munguva ino yatiri kurarama. Kuti vashandire Ishe zvikuru nguva dzose, mumaawara gumi nembiri atakapiwa aya. Ndiyo mharidzo yatinayo nguva dzose, *"Tsvagai Jehovah achawanikwa, danai kwaari achiri pedyo"* [Isaya 55:6]. *"Tsvagai umambo hwake nokururama kwake"* [Mateo 6:33]. *"Ino inguva yokutsvaga Jehovah kusvikira auya kuzonayisa utsvene hwake pamusoro pedu"* [Hosea 10:12]. Mharidzo inokurudzira vatendi kuti vashangairire utsvene, nokuti, *"kuda kwaMwari kuti muitwe vatsvene: kuti mumwe nomumwe wenyu adzidze kudzora muviri wake nenzira tsvene uye inokudzwa"* [1 VaTesaronika 4:3].

Sokutaura kwandagara ndichiita, Mharidzo Yokuuya Kwake haina kereke rayakarerekera. Chinangwa chedu ndechekuti vaKristu vave chinhu chimwe uye kuti *"hama dzigare pamwe chete mukubatana...nokuti ndipo pakaiswa kuropafadza kwaJehovha, ihwo upenyu husingaperi-peri"* [maPisarema 133:1, 3]. Nokuti "kana vanhu vangu," ndizvo zvinotaura Jehovha, "vanodanwa nezita rangu, vakazvininipisa, vakanyengetera vakatsvaga chiso changu, vakatendeuka kubva panzira dzavo dzakaipa, ndichavanzwa kubva kudenga uye ndicharegerera chivi chavo uye ndichaporesa nyika yavo" [2 Makoronike 7:14]. Verengawo Mateo 18:18-20.

Mukunopeta nyaya yangu regai ndiridze mhururu nemheterwa kuve Gospel Revivals Inc, vadhindi vepepanhau reHerald of His Coming avo vakabvuma kutsikisa iri bepa rauri kuverenga nhasi. Ndinopa kutendazve kukuru kuvose vari kuti tsigira nemari uye neminamato. Pose pano mufaro panoridzwa mhururu nemheterwa. Mhururu munongedzo worufaro ruri mukatikati memwoyo. Nhasi ndinoti kuzvizvarwa zveZimbabwe, ngatitsemure mhururu nemheterwa tichipemberere kusvitsa kwedu makore gumi nematanhatu. Tose ngatiti "hekanhi hekanhi zvaitwa mhanduwe ngazvirambe zvakadaro!"

Chakanaka chakanaka veduwe mukaka haurungwi munyu, aiwa ini hangu ndinotenda nemitato nerutsgigoro rwenyu kusvika nhasi. Ndinotendai henyu imi mose vemwoyo usina chinya kana ruzivira. Unopa usina rudembera. Unoziva kuti chinoringanwa ivhudzi kwete upfumi. Maita henyu vanhuwe makaziva kuti shoko nderekugoverana. Mwari ngaawedzere.

Kunemi mose zvizvarwa nevana veZimbabwe regai nditi ndapota rambai muchitidzigira nekunyengetera. Mharidzo Yokuuya Kwake ibepa renyu, ndapota ritsigirei. Heinoka nhapitapi, uchi, madyandakasungwa chaiwo mururimi rwaamai vedu. Rivengei, muritsigire,uye murinyengeterere siku nesikati. Mouyaka hama tiite mubatira pamwe chuma chomuzukuru. *"Hama tinyengeterereiwo. Kwazisai hama dzose nokutsvoda kutsvene. Regai ndikurayirei kuti tsamba iyi iverengerwe hama dzose"* [1 VaTesaronika 5:25-27]. Mwari ngaakudzwe! Ameni.

"Zvino kuna uyo anogona kuita zvinopfuura nekure kure zvose zvatinokumbira kana zvatingafungidzira, maererano nesimba rake riri kushanda matiri, ngaakudzwe pachishandiswa muzita raKristu Jesu kusvikira kuzvizvarwa zvese nariini nariini, Ameni" [VaEfeso 3:20-21].

RUKIRIDZO YERUNGANO RWAKO MURUNGANO RWASHE

naRich Carmicheal

Chiverengwa cheBhaibheri chinobva mubhuku yaRuth. Manzwi akakomberedzwa (sezvizvi), ndeakawedzerwa nomupepeti kuti zvinyatsonzwisisika. Mwari ngavaropafadze kushumirwa kweShoko ravo…

Chikonzero chikuru nei tichawana kurudziro hurusa kubva murungano rwaRuth, imhaka yokuti Mwari mumwe cheteyo vakashanda murungano rwaRuth ndivozve, vari kushanda nhasi murungano rwako iwe neni (rwose rungano rwavo). *"Nemhaka yokuti ndiMwari vanogara vakadaro zuro nanhasi uye nokusingaperi"* [VaHebheru 13:8]. Nyaya yaRuth chirangaridzo kwatiri youkuru hwaMwari, uye chishuwo nokukwanisa kwavo kushanda zvinangwa zvavo zvitsvene matiri kubudikidza nezvinotiwira uye kuzadzikisa zvose zvinangwa zvavo (zvisinei zvazvo nokuti zvakaoma sei). *"Nokuti zvose zvakanyorwa kare zvakanyorerwa kuti zvitidzidzise isu, kuitira kuti, kubudikidza nokutsungirira nokukurudzira kwamagwaro, tive netariro"* [VaRoma 15:4, verengawo vaKorinde vokutanga 10:6, 11]. Somuenzaniso, imbofunga, zvokwadi iyi pamusoro pokushanda kwaMwari murungano rwaRuth:

1. Mwari vanokwanisa kuti yambutsa mumatambudziko ose. Naomi naRuth [muroora wake] vaiva vatarisana nezvipingiridzo zvikurusa kwazvo muupenyu hwavo. Inzwa Naomi achitaura, *"Musandidaidze kuti Naomi (Naomi zvinoreva chakanaka). Ndidaidzei kuti Mara (Mara zvinoreva kuvava), nokuti Wamasimba ose akashungurudza upenyu hwangu kwazvo. Ndakaenda ndakazara, asi Jehovha akandidzosa ndisina chinhu. Seiko muchinditi Naomi? Jehovha akandirwadzisa. Wamasimba ose akauyisa rushambwa pamusoro pangu"* [1:20]. Somuenzaniso Naomi akange arasikirwa nomurume navana vake vosa, akasara angove musvuuganda, (ishwa zvayo isina kana mambava), munyika yavaMoabi. Ndangariro yaivezve yokuti angangosiiwa navaroora vake sezvo aive asisina vanakomana vaizovagara nhaka. Zvisinei zvazvo Ruth akashara kudzokera naNaomi kunyika yaJudah zvisinei nezvavaizono tarisana nazvo munyika yavaienda.

Imbofunga kuti zvose izvi zvairevei kuupenyu hwaRuth. Haana kungorasikirwa nomurume chete asika mumhiko yake yokudzoka naNaomi, zvairatidza sokuti haaizowanikwazve kana kuva navana. Izvi zvaireva kurasikirwa nezvokudya muchengeti, uye kunogara upenyu hwourombo pauviri hwavo. Zvisinei, Ishe akavasesedza nokuvapfuudza pakati pazvo zvose kusvikira mumakomborero muupenyu hwavo.

Kana ukazviona uri pakati kati penguva dzakaoma nokuomerwa, ziva kuti nyaya dzina magumo anofadza, sorungano rwaRuth, dzinosanganisirawo kupfuura nomimwaka yokutambudzika. Kanapo nguva dzakadai dzisingafadzi, asiwo dzinokwanisa kuvandudza upenyu hwedu nechimiro chedu (somuenzaniso verengapo VaHebheru 12:7-11 uye naJakobhe 1:2-3). Paunotarira kuna Mwari, vachava netsitsi vagokuyambutsa mumatambudzika iwaya avakubvumira, uye kuti zvose zvikuitira zvakanaka.

2. Ishe vanopa mubairo kukuzvipira… Rungano rwaRuth runorakidzawo kuti ndiMwari vanoremekedza nokupindura avo voso vonozvipira kwavari, uye avo vanoisa vimbo yavo murudo rwake rusingaperi. Bhaibheri shoko raMwari rinoti iro, "meso aJehovha ari pamusoro paavo vanomuda nokumutya, napamusoro paavo vanoisa tarisiro yavo murudo rwake rusingaperi. Kana dai vakawira mumatambudziko akaita sei Jehovha anovimbisa kuvapindura munguva yakafanira." Imbofungisisa, mudikani, nezvoudzamu hwokuzvipira kwaRuth: *"...Musandigombedzera kuti ndikusiyei kana kukufuratirai. Kwamunoenda ndiko kwandichaendawo uye pamunogara ndipo pandichagarawo. Vanhu venyu vachava vanhu vangu uye Mwari wenyu achava Mwari wangu. Pamunofira ndipo pandichafira uye pandichavigwa"* [1:16-17]. Ruth aizvipira nemwoyo wose kuna Naomi, kuvanhu vaMwari uye nokuna Jehovha Mwari wavo mupenyu. Mukuita zvose izvi aive otosiya mhuri yokwake uye nezvimwari zvokwake.

Tarirawo kuzvipira kwaNaomi kuna Jehovha, Mwari wake wechokwadi. Kanapo aiona sokunge ruoko rwaJehovha rwaive rwauya kuzomurwadzisa [1:13, 21], haana kurasa chokwadi yokuti Jehovha aive Mwari. Mukati kati mokushungurudzika kukuru Naomi akaramba akabatirira nokutenda kuti Jehovha ndiMwari, uye akaramba achimudana nezita rokuti El-Shaddai, iro rinoreva kuti (Mwari) *"Wamasimba Ose"* [1:20], zita raisimudzira Mwari, utongi hwavo uye ukuru nesimba ravo.

Ishe vakaremekedza kuzvipira nokuvimbika kwake, uye panguva yakafanira vakayambutsa Naomi (naRuth) mumwaka wamarwadzo. Shanduko huru muupenyu hwaNaomi naRuth inoratidza zvakasimba makomborero aMwari pamusoro paavo vanozvipira kwaari (uye vanotendawo kuzita rake). Patinozvipira kwaari nemwoyo yedu yose, zvikuru sei munguva dzakaoma, ngativei nechokwadi chakazara kuti Jehovha vakavimbika saMwari wedu uye kuti vachaita kuti zvose zvitiitire zvakanaka.

3. Ishe vanotitungamira. Pane chirevo chinofadza chakashandiswa pana Ruth 2:3 kutsanangura mapindiro

aRuth mubindu raBoasi: *"Zvino Rute muMoabhi akati kuna Naomi. Regai ndiende kuminda ndinonongera zviyo zvinosara ndiri shure kwaani zvake achandiitira nyasha. Naomi akati kwaari Enda hako mwanasikana wangu. Naizvozvo akaenda kuminda akatanga kunongera ari muminda achitevera shure kwavacheki. Zvakaitika ndezvokuti akabva angoenda kundoshanda mumunda waBhoasi, uyo aibva muimba yaErimereki."* Shoko rokuti ("zvakaitika sokuti" iro rinowanikwa mumagwaro eKing James Version) harina kuitirwa kuti zviionekwe samawiramombe bodo. Shoko iri rinotirakidze kuti aya haana kungova mahwekwe, kana mawira mombe chete, aiwa. (Pakave nokubata kwaMwari). Mumamwe manzwi "zvakaitika" namhaka yokuti Jehovha Mwari vakange vachishanda nechokuseri.

Mune dziviriro nenyaradzo mukuziva kuti Mwari vanogadzirira nzira dzedu. Kamwe apo tinozviisa mumaoko ake, saRuth, tinodekare mukuziva kuti vachavimbika mukutigadzirira makwara edu, kanapo zvichitaridzika nedzimwe nguva sokunge pasina chirikuitika. Nokufamba kwenguva tichaona masonedzero nokuvakurudza kwaanoita zvinangwa zvake muupenyu hwedu. Chijana chedu kuvimba naye uye kufamba munzira dzake.

4. Ishe vanotipa zvose zvakatifanira. Bhuku yaRuth inotiratidzawo nzwiro yaMwari kuzvose zvatinoshuwira. Ndiye *"akashanyira vanhu vake akavapa zvokudya"* [1:6]. Ndiyezve akasimudzira mitemo yakabvumirawo vanoshaiwa, saRuth, kuti vasiirwe zvokudya muminda [verenga Revitiko 23:22; Dheturonomi 24:19]. Ndiya akapa hama dzakaita saBhoazi kuzobatsira vanoshaiwa [Revhitiko 25:25, 47-49]. Jehovha vane hanya nevanoshaiwa uye anovapa zvakavafanira (nguva yakafanira). Newewo unokwanisa kuvimba naye pose apo unotarira kwaari. Sokutaura kwamupositori Pauro, *"Mwari vachazadzisa zvamunoshaiwa zvose maererano nokubwinya kwepfuma yake muna Kristu Jesu"* [VaFiripi 4:19]. Someuenzaniso verengawo mavhesi aya: *"Ndinokuudzai chokwadi, hakuna munhu akasiya musha kana vanun'una, kana hanzvadzi, kana mai, kana baba kana vana, kana minda nokuda kwangu uye nokuda kweIvhangeri, achakonewa kugamuchira zvakawanda kakapetwa kazana munguva ino. Uye panguva inouya upenyu husingaperi." "Farikana munaJehovha, uye Iye achakupa zvinodikanwa nemwoyo wako; Ndakange ndrir muduku uye iko zvino ndakwegura, asi handina kumboona vakarurama vachisiiwa, kana vana vavo vachipemha chingwa"* [maPisarema 37:4, 25]. [Mupepeti].

5. Jehovha vanotifukidza nenyasha dzavo. Dindingira guru murungano rwaRuth, nderenyasha netsitsi dzaMwari. Munamato waNaomi wakukomborera pamusoro paRuth waive wokuti Mwari varakidze tsitsi (nenyasha) dzavo kuna Ruth, sezvaakamboita kwaari iye Naomi [1:8]. Zvechokwadiwo Mwari vakaratidza tsitsi dzavo huru kuna Ruth, kubudikidza nemutsa waBhoazi [2:20] uyo akamupa zvishuvo zvake, kumudzivirira uye akazogumisira nokumutora somudzimai wake.

Inzwi rechiHebheru, rakapindurirwa kuva "tsitsi" pana Ruth 1:8 na 2:20, nderinoti "hesed" (chesed) iro rakapfuma mududziro dzaro uye rinodudzirwa nenzira dzakasiyana siyana muTestamende yakare dzinosanganisira "rudo," "tsitsi," "tsitsi dzine rudo," "rudo rusingaperi" uye "nyasha." Inzwi rine dudziro inemidzi mukuzvipira muchibvumirano neukama, uye pane ratidzo yorudo netsitsi zvakaperera, muukama ihwohwo. Imwe dudziro ye hesed (tsitsi) dzaMwari "kuvimbika kusingashanduki, kuvimbika zvakaperera, uye shuviro yokuitira vamwe zvakanaka." Imwezve dudziro ndeyokuvimbika, tsitsi norudo zvakaperera zvinobva muchishuwo chokuchengetedza kunokuzvipira. Unyoro norudo rwaMwari zvinotitevera nguva dzose Munzwe Dhavidha achitaura: *"Zvirokwazvo unyoro hwenyu norudo rwenyu zvichanditevera, mazuva angu ose oupenyu hwangu, uye (neniwo) ndichagara mumba maJehovha nokusingaperi"* [maPisarema 23:6]. Rudo rwaMwari ruzere nyika yose *"Jehovha anoda kururama nokururamisira; nyika yose izere norudo rwake rusingaperi"* [33:5]. Tsitsi dzavo dzakatipoteredza, *"asi rudo rusingaperi rwaJehovha runopotererdza munhu anovimba naye"* [32:10]. Tsitsi dzavo dzinotidzivirira, *"regai kundinyima ngoni dzenyu, imi Jehovha; rudo rwenyu nechokwadi chenyu ngazvindidzivirire nguva dzose"* [40:11]. Rudo rwavo ruzere kwatiri *"Imi Jehovha, munokanganwira uye makanaka, imi Ishe, muzere norudo kuna vose vanodana kwamuri"* [86:5]; Tsitsi dzavo dzinotigutsa, *"Tigutsei mamgwanani norudo rwenyu rusingaperi, kuti tigoimba nomufaro mazuva edu ose"* [90:14]; Rudo rwavo runotitsigira, *"Pandakati rutsoka rwangu rwotedzemuka rudo rwenyu, imi Jehovha rwakanditsigira"* [94:18]; Tsitsi dzavo dzinotichengetedza *"chengetedzai upenyu hwangu zvakafanira rudo rwenyu, uye ini ndichiteerera zvirevo zvemuromo wenyu"* [119:88]; Rudo rwaJehovha runotinyaradza, *"Rudo rwenyu rusinga peri ngarutinyaradze, maererano nechivimbiso chenyu kumuranda wenyu. Tsitsi dzenyu ngadziuye kwandiri kuti ndirarame, nokuti murayiro wenyu ndiwo mufaro wangu"* [119:76]. Ngoni dzavo dzinogara nokusingaperi, *"vongai Jehovha, nokuti akanaka: uye ngoni dzake dzinogara nokusingaperi"* [136:1].

Mudikani, rungano rwaRuth chioniso chikuru cherudo, tsitsi nenyasha dzaMwari. Apo akazvipira nomwoyo wose kuna Mwari [1:16] Ruth akatsvaga utiziro mumapapiro ake, Ivo Mwari mukuvimbika kwavo, vakamudururira iye naNaomi, namakomborero norudo nounyoro hwavo. Saizvozvowo pose apo tinotizira kwaari, ngatizivei, zvisinei nemukare anopikisana nazvo kuti, munyasha dzavo vachatidururirawo nyasha, tsitsi nounyoro hwavo. Tinofanira kugara *"tichivimba ne(hesed) rudo rwaMwari nokusingaperi"* [maPisarema 52:8].

6. Mwari vanoremekedza nokukomborera utsvene.

Rungano rwaRuth rwakaitika munguva yavatongi [1:1], nguva yaive yakasvibisisa zvikuru murungano rwaIsiraeri, apo vanhu vakange vatora chitsika chokunamata zvimwari nokuita zvakaipa pamberi paMwari *"mumazuva iwayo (avatongi) kwakange kusina mambo pakati paIsiaeri; mumwe nomumwe aiita zvaaifunga kuti zvakanaka"* [21:25]. Asika zvisinei zvazvo, mumazuva iwaya apo kwakange kusina mambo pakati pavaIsiraeri; mumwe nomumwe achiita zvaaifunga kuti zvakanaka, Bhoazi naRuth vakararama upenyu hwoumwari. Somuenzaniso Ruth akasiya kunamata zvidhori, akaisa mwoyo wake wose panaJehovha, izvo zvakaita azivikanwe somudzimai akatsiga [3:11]. Chimiro chakanaka chaBhoazi chinoonekwawo neukama hwake nevashandi vake [2:4-5], tsitsi nounyoro hwake kuna Ruth, uye kutsiga kwake kunoonekwawo mukubvumira vokwake mvumo yokutanga, mukuwana Ruth, kanapo izvi zvaireva kurasikirwa nomudzimai waaidisa kwazvo kuwana. Mwari vakaremekedza Bhoazi naRuth, uye vakavaropafadza nero-orano, uye vakavapa mwanakomana, uyo akave nhaka huru akazonozvarawo muzukuru wavo Dhavidha, uyowo akazove mambo, uye murume wapamwoyo waMwari. Apo iwe neni tirikudai kurarama munguva yerima, rungano rwaRuth runotirangaridza, nokutiyeuchidza kwokuramba tichishingairira muumwari. Ishe vakatarira, uye vakavimbika kukomborera upenyu hwako, uye kuti newewo kubudikidza neupenyu hwako hwoumwari vakomborerowo vamwe.

7. Ishe vanogona kuita zvikuru kupfuura zvatingakumbira kana kufunga. Ruth naNaomi havana kumbofungira kuti nyaya yavo yaizova namagumo akanaka zvakadai. Kanapo Naomi akange arasa tariro, akazozvionera pamhuno sefodya kuti muna Mwari mune tariro. Mwari vakakwanisa kuvapa chokudya munguva yenzara [1:6, 22]; vakakwanisa kuvapa murume-muchengetedzi aizobetsera Naomi naRuth [2:20] uyozve akazove murume waRuth [4:13]; vakakwanisa kubatsira Ruth kuva nemwanakomana (Obhedhi uyo akabereka Jesse uyowo akazobereka Dhavhidha, mambo wavaJudha editor) [4:13], uye kupa Naomi mhuri yaakange asingatarisiri kuva nayo. Ishe vakakwanisazve kuzarurira Naomi naRuth pakange pasina tarisiro, uye vanokwanisawo kuita zvimwe chetezvo kwauri iwe neni nhasi. NdiIshe *"vanogona kuita zvikuru zvisingagoni kuerwa, kupfuura zvose zvatingakumbira kana kufunga maererano nesimba rake riri kushanda mukati medu..."* [VaEfeso 3:20].

8. Ishe vanorukiridza rungano rwako murungano RwaKristu. Chokwadi chikuru chaIshe murungano rwaRuth chinoonekwa patino verenga mabhuku amarudzi (Makoronike). Marudzi aya anoonekwawo sokunyorwa kazvakaitwa mubhuku yaMateo. Shanduko iripo chete ndeyokuti Mateo anonongedzera kuti mai vaObedi vaive Ruth. Imbotarira mudikani! Ishe vakarukiridza upenyu hwaRuth, muMaobhi, murungano rwaKristu. Chokwadi uhwu humbowo hwenyasha huru dzaMwari! Chimwezve chinokatyamadza ndechokuti Ishe varikutipawo nyasha dzokuti nesuwo tive rupawo rwerungano rwavo. Savatendi nesuwo tave mhuri yavo, uye tine mukana mukuru wakovararamira, kuvashandira, kuvapupurira, kuvakudza uye kuratidza chimiro nezita ravo. Apo upenyu hwaRute naBhoazi hwainongedzera kukuuya kwaKristu, isu hwedu nhasi upenyu hunonongedzera kurufu nokumuka kwavo uye kukuuya kwavo rwepiri, uyewo pananhasi sezuva roruponiso munaKristu (Muponisi wedu!). Tariraiwo mukana nechijana chakanaka kudai! Ngatimutsiridzeizve nhasi kuzvipira nebatiriro yedu kune Uyo ari kurukirira rungano rwedu murungano rwake rusingaperi!

Chinangwa Chedu Ndecheyi?

1. Chinangwa chikuru che **Mharidzo Yokuuya Kwake** ndechokurumbidza Mwari kuburikidza nemutsurudzo pamweya, pakati pevanhu vaMwari, iyo inozoonekera nokumukawo pamweya kwevakarasika. Mharidzo yedu ndeiyi: *"Ino yave nguva yokutsvaga uso hwaMwari nokururama kwake, kusvikira auya kuzonayisa utzvene hwake pamusoro pedu"* [Hosea 10:12].

2. **Mharidzo Yokuuya Kwake**, inopazve mukana kuinzwi rechiporofita, rakafanira nguva yatiri, iro rinodandzira kuvanhu vaMwari kuti vadzokere mukuzvininipisa kunaMwari; *"Tsvakai Jehovha achawanikwa, danai kwaari achiri pedyo. Tarirai kuna Jehovha nokusimba rake, tsvakai chiso chake nguva dzose"* [Isaya 55:66; maPisarema 105:4].

3. **Mharidzo Yokuuya Kwake** inonyengeterera nokushuwira zvikurusa kudururwa kwamafashamo oMweya Mutsvene "pamusoro panyama yose" naizvozvo inokurudzira Sungano nekuwadzana kwavatsvene vaMwari mukunyengeterera iyi mutsiridzo. *"Kana vanhu vangu, vanodanwa nezita rangu, vakazvininipisa, vakanamata, vakatsvaga chiso changu, uye vakatendeuka kubva panzira dzovo dzakaipa, ipapo ndichavanzwa kubva kudenga, ndicharegerera zvivi zvavo uye ndicharapa nokuporesa nyika yavo"* [2 Makoronike 7:14].

4. **Mharidzo Yokuuya Kwake** haina Kereke kana sangano rayakarerekera, naizvozvo inophiwa kuna ani naani anenge akumbira, uye inotambirawo rubatsiro kubva kuna ani naani anenge adavira kukufemera kwaMwari *"Uyo anopa, achabudirira; uye uyo anomutsiridza vamwe achamutsiridzwawo"* [Zvirevo 11:25].

5. **Mharidzo Yokuuya Kwake** inonyengeterera nokukurudzira hupenyu hutsvene mukurarama kwevana vaMwari, kuvimbika munazvose, kuzvininipisa panaMwari uye kushingairira muushumiri hweiivhangeri yomuchinjkwa. *"Asi saiye akakudanai ari mutsvene, ivai vatsvene pane zvamunoita zvose; nokuti kwakanyorwa kuchinzi: Ivai vatsvene, nokut: ini ndiri mutsvene"* [1 Petro 1:16].

Imbofunganya Nezvivimbiso Izvi Kubva Mushoko RaMwari...

NdiMwari vanotigonera…(He is able)

"Vadzidzi vakashamiswa [nazvo] uye vakati pakati pavo, "Zvino ndianiko angaponeswa?' Jesu akatarisisa kwavari akati, "Kumunhu hazvingagoneki, asi kwete kuna Mwari. Zvinhu zvose, zvinogoneka kuna Mwari". Petro ndokuti kwaari, "Isu [sevadzidzi venyu] takasiya zvinhu zvose , kuti tikuteverei'[Zvino tichawaneiko? Mubayiro wedu ndowei?] Jesu akapindurazve akati kwavari, "Ndinokuudzai chokwadi, hakuna munhu akasya musha kana vanun'una vake, kana hanzvadzi dzake, kana mai vake, kana baba kana vana vake, kana minda yake nokuda kwangu uye nokuda kweIvhangeri, achakonewa kugamuchira zvakawanda kakapetwa kazana munguva ino. (misha, vanin'ina, hanzvadzi, vanamai, vana neminda uye pamwe chete naizvozvo kutambudzika) uye panguva inouya upenyu husingaperi" [Mako 10:26-30].

NdiJehovha vanopa nekuzorodza...(Jehovha Shalom)

"Uyai kwandiri, imi mese munoshanda zvakaoma uye makaremerwa, uye ini ndichakuzorodzai. Takurai joko rangu mudzidze kwandiri, nekuti ndiri munyoro uye ndine mwoyo unozvininipisa, uye muchawana zororo" [Mateo 11:28-30].

"Musazvidya mwoyo nezvechinhu chero chipi zvacho,d asi panyaya dzese zvikumbiro zvenyu ngazviziviswe Mwari muchinyengetera uye muchiteterera pamwe chete nekuonga;e 7 uye rugare rwaMwari runopfuura kunzwisisa kwese ruchachengetedza mwoyo yenyug nepfungwa dzenyu kuburikidza naKristu Jesu" [VaFiripi 4:6-7].

NdiJehovha Vanopa...(He is Jehovha Jireh)

"Abrahamu akatora huni dzechibayiro chinopiswa akadzitakudza Isaka mwanakomana wake. Akabva atora moto nebanga, uye vaviri vacho vakafamba pamwe chete. Isaka akati kuna baba vake Abrahamu: "Baba!" Ivo vakati: "Watii mwanangu?" Achibva ati: "Tarirai moto nehuni zviripo, asi gwai racho rechibayiro chinopiswa riripiko?" Abrahamu akati: "Mwari pachake achatipa gwai rechibayiro chinopiswa mwanangu." … [pave paya] ngirozi yaJehovha yakashevedzera kwaari iri kudenga ichiti: "Abrahamu, Abrahamu!" iye akapindura kuti: "Ndiri pano!" 12 Yakabvayati: "Usauraya mukomana uye usatomboita kana chii zvacho kwaari, nekuti iye zvino ndava kuziva kuti unotya Mwari nekuti hauna kundinyima mwanakomana komana wako, iye mumwe chete." Abrahamu akabva atarisa nechekumberi kwake akaona gondohwe rakanga rakabatwa nyanga dzaro mugwenzi. Abrahamu akaenda akanotora gondohwe akaripa sechibayiro chinopiswa pachinzvimbo chomwanakomana wake Isaka. Ipapo Abrahamu akabva atumidza nzvimbo iyoyo kuti Jehovha-Jire. Ndokusaka nanhasi zvichiri kunzi: "Mugomo raJehovhaachapa zvinenge zvichidiwa."

Mwari wangu, uyo ane pfuma yakawanda, achakupaiwo zvese zvamunodag kuburikidza naKristu Jesu. Saka Mwari wedu uye Baba vedu ngavakudzwe nariini nariini. [VaFiripi 4:19].

NdiJehovha vane hany'a neupenyu hwedu...(He cares)

"Jehovah Mwari ndiye zuva nenhoo yedu. Jehovha anopa nyasha nokukudzwa, hapana chinhu chakanaka chaanganyima avo vano famba zvakarurama" [maPisarema 84:11]. *"Farikanya munaJehovha, uye Iye achakupa zvinoshuwirwa nemwoyo wako;...Ndakange ndiri muduku uye iko zvino ndakwegura, asi handina kumboona vakarurama vachisiiwa, kana vana vavo vachipemha chingwa"* [maPisarema 37:4, 25].

NdiJehovha vanozadzise zvivimbiso zvavo kwatiri… (Promise Keeper)

NdiJehovha vane hany'a neupenyu hwezvose zvavakasika… *"Maziso ezvinhu zvese anotarisa kwamuri aine tariro; Munozvipa zvekudya zvazvo mumwaka wazvo. Munovhura ruoko rwenyu Mogutsa zvido zvezvinhu zvese zvipenyu. Jehovha akarurama munzira dzake dzese Uye akavimbika pazvese zvaanoita. Jehovha ari pedyo nevanhu vese vanodana kwaari, Vese vanodana kwaari muchokwadi. Anogutsa zvido zvevaya vanomutya; Anonzwa kuchemera kwavo kubatsirwa, uye anovanunura. Jehovha anochengetedza vese vanomuda, Asi achaparadza vakaipa vese. Muromo wangu uchazivisa kurumbidzwa kwaJehovha; Zvinhu zvese zvipenyu ngazvirumbidze zita rake dzvene nariini nariini…"* [maPisarema 154:15-21]. *"Uyo ari kukudanai akatendeka, uye achazviita"* [VaTesaronika 5:24].

["Nokuti Shoko raMwari ibenyu uye rine simba. Rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, rinobaya kusvikira kunyange panoparadzana mwoyo nemweya. namafundo nemwongo; rinotonga mifungo nendangariro dzemwoyo. Hapana chisikwa chakavanzika pamberi paMwari. VaHeberu 4:12 Mupepeti]

NdiMwari vanoona... (The God Who Sees Us...)

Ngirozi yaJehovha yakatizve: "Iye zvino une pamuviri, uchabereka mwanakomana, uye unofanira kumutumidza kuti Ishmaeri, nekuti Jehovha anzwa kutambudzika kwako. Iye achava sedhongi remusango. Acharwisana nevanhu vese, uye vanhu vese vacharwisana naye, uye achagara ari kudivi rake ega, hama dzake dzese dziri kune rimwe divi." Akabva adana zita raJehovha, uyo akanga achitaura naye. Akati: "Muri Mwari anoona," nekuti akati: "Chokwadi ndini here ndakwanisa kutarisa uyo anondiona?" Ndokusaka tsime racho rakatumidzwa kuti Bheeri-rahairoi. (Riri pakati peKadheshi neBheredhi.) Hagari akazoberekera Abramu mwanakomana, uye Abramu akatumidza mwanakomana wake, akaberekwa naHagari, kuti Ishmaeri. Abramu akanga ava nemakore 86 paakaberekerwa Ishmaeri naHagari. [Genesisi 16:11- 16]

Kristu Varikuuya

naJohn J. Hunt

Mweya Mutsvene anotizarurira Kristu nguva dzose. Chinangwa cheShoko raMwari ndiJesu Kristu. Zviporofita zvaro mufanakidzo waKristu. Zvivimbiso zvaro ndezvedu kubudikidza naKristu. Rungano rwaro runosanganirana pakuuya kwaKristu. Mienzaniso yaro inotivhurira Kristu. Miganhuro yaro, nenhoroondo dzaro dzakaitwa naKristu. [Iye zvino pakuguma kwemazuva ano akataura nesu achishandisa Mwanakomana, uyo waakagadza kuti ave mugari wenhaka yezvinhu zvese, uye waakashandisa kuita mamiriro ezvinhu epanguva dzakasiyana-siyana.] VaHebheru 1:2. Tebhanekeri uye neTemberi yaro inosumudzira inzwi rake. Bvisa Kristu kubva muBhaibheri Shoko raMwari, mwoyo waro hausisipo. Rudzikinuro rwaro kubudikidza neropa rwuri paMuchinjiko waKristu.

Hwamanda yepakati pousiku ndiKristu. Hachisiri chinyorwa asi Kristu. Hapana imwe hurukuro asi Kristu. Kwete imwe dzidziso asi Kristu. Mweya Mutsvene anobata-bata nezvedzihoko. Hoko huru yeShoko raMwari ndiKristu. Kristu ndiye zvose. Tirikupihwe chenjedzo kukuuya kwake. "Tarirai, Mwenga arikuuya…" Zvechokwadi arikuuya. Kristu varikuuya. Nguva yamirira. Hurongwa hwose hwanyorwa; zuva rinozivikanwa naMwari. Hapana chingazvimisa zvose izvi. Akativimbisa MuShoko rake. Kuuya kwaKristu rwepiri ichokwadi chemazvokwadi chaMwari wamaSimba ose. *"Uyo ari kuzivisa zvinhu izvi anoti, 'Chokwadi ndiri kukurumidza kuuya.' Ameni! Uyai Ishe Jesu. Nyasha dzaShe Jesu ngadzive nevatsvene."* [Zvakazarurwa 22:20-21]

– kubva muHerald Of His Coming raNov/Dec 2021

[Rwiyo rworwendo rwaDhavhidha…Ndakafara zvikuru pavakati kwandiri, "handei kuimba yaJehovha. Tsoka dzedu dzimire mukati mamasuo ako, iwe Jerusarema. Jerusarema rakavakwa seguta, rakapakata kwazvo. Ndiko kunokwira marudzi, iyo marudzi aJehovha, kundorumbidza zita raJehovha, maererrano nezvakatemerwa Israeri. Zvigaro zvokutonga zvimire ikoko, zvigaro zvoushe zevimba yaDhavhidhi. Nyengetererai rugare rweJerusarem: "Vanakuda dai vagara zvakanaka." Dai mukati mamasvingo ako maita rugare, nokucgetedzeka mukati menhare dzako". Nokuda kwehama neshamwari dzangu, ndichati, "Rugare mukati mako". Nokda kweimba yaJehovha Mwari wedu, ndichatsvaga kubudirira kwako… maPisarema 122. Mupepeti]

Chivi Nokudzikinurwa

Shoko raMwari rinoti mubayiro wezvivi ndirwo rufu [VaRoma 6:23]. Asika nhau dzinofadza ndedzokuti Jesu akatiripira charango chorufu ichi nokufa kwake pamuchinjikwa; *"namavanga ake takaporeswa"* [Isaya 53:5]. Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi, kana kuraramazve muzvivi [VaRoma 6:11-14]; zvikuru sei kana takareurura zvivi zvedu kwaari uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa [Mabasa 2:38-39; VaRoma 10:9-10].

Nhanho Dzoruponiso

1. Mukutenda bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira kufa norufu. *"Nokuti vose vakatadza uye vakasasvika pakubwinya kwaMwari"* [VaRoma 3:23]. *"Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu"* [VaRoma 6:23].
2. Tendeuka kubva muzvivi zvako, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. *"Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke…Ngaadzokere kunaJehovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakanganwirwa"* [Isaya 55:7].
3. Mukutenda *"kuti Kristu akafira zvivi zvedu…kuti akavigwa akomutswa kuvakafo"* [1 VaKorinde 15:3-4], vimba naKristu saIshe noMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. *"...Kana ukapupura nomuromo wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa uchaponeswa"* [VaRoma 10:9].
4. Gara maari Jesu. *"Saka naizvozvo, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe naMuponisi wako, ramba uchifamba Maari, munemidzi yenyu nokuvakwa kwenyu maarimakasimbiswa pakutenda, sezvamakadzidziswa…"* [VaKorose 2:6].

Vamwe Vangazvita Havo – Asi Kwete Iwe

naGeorge D. Watson (1845 – 1923)

Kana Mwari vakudana zvemazvirokwazvo kuti vakuumbiridze kuva saKristu, vachakuswendedzera muupenyu hwokuroverwa nokuninipiswa, vagoisa pamafudzi ako zviga zvokuteerera, izvo zvichaita kuti usateverere vamwe vanhu, kana kuzviera nevamwe vaKristu, uye nedzimwe nzira vachaita sokuregerera vamwe vatsvene vaKristu kuti vaite zvinhu zvavasingade ivo Mwari kuti iwe pachako uzviite.

Vamwe vaKristu navashumiri vanoita sevakazvipira uye vachishandisika, vachashishinika havo, vachibata-bata pano nepapo, uye vachishandisa zvose zvikiribidi kuti hurongwa hwavo hubudirire, iwe haumbo faniri kuzviita. Zvakare ukazviita uchasangana nokukundikana, nokutukwa kukurusa kubva kuna Mwari kuti vakudzoredzere mugwara ravo.

Vamwe vachazvirova madundundu pamabasa avo, mukubudirira kwavo, mu zvinyorwa zvavo, asika Mweya Mutsvene haasi kuzokubvumidzi kuita zvinhu zvakaita saizvozvo, nokuti ukangotangisa kuzviita chete, vachakunyudza mumanyadzo ayo achaita kuti uzvisvore naiwo mabasa auri kuona seakanaka.

Vamwe vangangobvumidzwa kubudirira mukuita mari noupfumi, kana kusiya mbiri kumashure kwavo panyika, asika zvakadaro zvingadaro kuti Mwari iwe vacharamba vachikuita murombo, nokuda kwokuti vane chavanoda kuti uve nacho chinokunda goridhe, icho chiri kuvimba naye muna zvose, kuti ivo vave nejana rokukupa zuva nezuva zvishuviro zvako kubva mudura ravo roupfumi hwakazara.

Mwari vangaita kuti vamwe vakudzwe nokuremekedzwa, iwe Mwari vagokuvandisa, murima rokusa oneka, nemhaka yokuti vanoda kuti ubereke michero inonhuhwirira inozvarwa chete mumumvuri. Vamwe vachava vakuru, iwe vagokuita muduku. Mwari vachaita kuti vamwe vaite basa rake, vagorumbidzwa nazvo, asi iwe vachaita kuti udikitirire pabasa rako usina ruzivo kuti urikushanda zvakadii; uye kuti iwe basa rako riyemurike vangangoita kuti vamwewo varumbidzirwe zvawakashandira, bva kumagumo azvo mubairo wako uchapetwa kagumi kana Jesu vouya.

Mweya Mutsvene vachakutarisisa, vane rudo runegodo, vagokutukirira manzwi mashomana, kana kuti kupedze nguva yako izvo zvisingashingurudzi vamwe vatendi.

Naizvozvo fungisisa nhasi uzvitambire mupfungwa dzako kuti, Mwari ndiMwari uye vane kodzero yokuita zvinovafadza nezvinhu zvavo. Vangatadza kukutsanangurira zvizhinji zvine chiuru, zvausinganzwisisi mukushanda kwako newe, asika kana ukazvipira chaizvo-izvo kwavari kuva muranda wavo, vachakuputira nerudo rwavo rune godo, uye vagokupa makomborero mazhinji kwazvo anouya chete kuvari pakati-kati pemwoyo wavo.

Zvibatisise kubva nhasi nokusingaperi kuti urikuzono shanda naMweya Mutsvene, uye kuti iye anofanira kuva nemvumo yokukusunga rurimi rwako, maoko ako, kana kudzimira meso ako zvinosiyana nezvavanoita kuna vamwe.

Zvino kana wakazadzwa mupenyu hwako saizvevzvi naMwari akaita saiyeyu, uye mukati-kati memwoyo wako, uchifarikanya muupenyu hwako kurarama naMweya Mutsvene vasinganzwisisike saizvezvi, chiziva wafuga gumbeze redenga.

(VaRoma 12:1-3 Saka hama dzinodiwa, ndinokutetererai netsitsi dzaMwari kuti mupe miviri yenyuj sechibayiro chipenyu uye chitsvene chinogamuchirwa naMwari, basa dzvene ramunoita muchishandisa pfungwa dzenyu. Uye regai kusiya nyika ino ichikuumbai, asi pfungwa dzenyungadzishandurwe, kuti muzive megan kuda kwaMwarikwakanaka, kwaanogamuchira uye kwakakwana. Mupepeti)

Tanga NaMwari…

Tangisa zuva rose naMwari wako,
Ndiye chadzera chako nezuva rako,
Ndiye kubwinya kwemambakwedza,
Kwaari rasira zvose zavko zvingendedza.

Muimbire rwokutanga rumbo rwako,
Kwete kuhama namadzisahwira ako,
Kwete kuzvisikwa zveruoko rwake,
Asi kunauyo ano kubwinya kwose.

Tora naye chidyo chako chokutanga,
Ndiye kudya kwako kweDenga,
Idya maari naye, iye agodyawo newe,
M'kama hwenyu hwokuyanana newe.

Tora nzendo dzako dzokutanga naye,
Bvumira afambidzane kwose newe,
Munzizi, munyanza kana mumakomo,
Ramba uchitsvaga kuperekedzwa naye.

Mushando wokutanga wezuva rako,
Ngauve navo Mwari vokumusoro-soro,
Mabasa ako amaoko acharopafadzwa,
Nezuva rako richadanwa kunzi Rudo.

– Andrew Bonar

Humbira Minamato ...

Ushumiri hwose hwe Herald Of His Coming hwakabatana pamwe chete neMharidzo Yokuuya Kwake hunoda kukutendai zvikuru vadikani nerutsigiro uye neminamato yenyu imi mose vaverengi. Tinotenda Mwari zvikuru nokusvitsisa bepa reHerald of His Coming makore 82 kubva zvarakavambwa. Pamunenge monyengetera nokurumbidza Mwari ndapota murangarire vanotevera ava muminamato yenyu. Mukoma wedu Rich Carmicheal, uyo ari mupepeti mukuru weHerald of His Coming anokumbira minamato yenyu mukutungamira kwaanoita ushumiri hweHerald of His Coming. [Murume uyu ane zvinyorwa zvake zvinondibata zvikuru nokundisimudzira. Chimwe chezvinyorwa zvake chiri mune rino bepa. Chinyorwa ichi chine musoro unoti "RUKIRIDZO YERUNGANO RWAKO MURUNGANO RWASHE]. Vose vari pamwe chete kuti Rich, Gayla Royer, naGail Carmicheal vanokumbirasa zvikuru njere dzinobva kumusoro mukusarudza kwavanoita zvinyorwa zvokubika mumapepanhau ose eHerald of His Coming.

Nyengeterera nyika yaIsrael: Ngatitende Mwari nokuumbirika kwoukama kuri kuitika pakati penyika dzemaArabhu nenyika yeIsrael, kubudikidza nechibvumirano chinozivkanwa nokunzi "Abrahama Accords". Nyengetererai kudzivirirwa kubva kunyika yeIran nedzimwe nyika dzinovenga nyika yeIsreal. Achitaura pamusoro penyaya iyi, munyori anozivikanwa zvikuru Joel Rosenberg, anoti iye, "Ngozi huru hayisiri nyika yeIran chete, asiwo kuti nyika yeIran iri kuumba ukama nenyika dzeRussia, Turkey, North Korea neChina". Nyengetererai rugare rweJerusarem: " Vanakuda dai vagara zvakanaka." Dai mukati mamasvingo ako maita rugare, nokucgetedzeka mukati menhare dzako". Nokuda kwehama neshamwari dzangu, ndichati, "Rugare mukati mako". Nokda kweimba yaJehovha Mwari wedu, ndichatsvaga kubudirira kwako… maPisarema 122.

Pakupedzisira, ivai nesimba muna She nomusimba rake guru. Uye munyengetere muMweya Mutsvene nguva dzose nemhando dzose dzeminyengetero nemikumbiro. Muine izvi mupfungwa dzenyu murinde uye murambve muchinyengeterera vatsvene... Munyengeterere neniwo kuti pose [pandinonyora nokupindurira zvinyorwa zvose] ndipiwe mashoko kuti ndigozivisa chakavanzika chevhangeri... iro randiri nhume. Nyengeterai kuti ndiritaure ndisingatyi, sezvandinofanira [VaEfeso 6:10, 18-20].

Rindira! Nyengetera!

naMai Sarah Foulkes Moore (1890 – 1973)

"Ini Johani, ndiri kunyorera ungano nomwee dziri munharaunda yeEzhiya ndichiti...:Tarirai! (Jesu)Ari kuuya nemakore, i uye maziso ose achamuona, nevaya vakamubaya; uye madzinza ese epanyika vachazvirova achishungurudzika nekuda kwake. Ichi ichokwadi. Ameni" [Zvakazarurwa 1:4, 7].

Zvose izvo zvakati komberedza zviri uye zvinonongedzera kukudzokazve kwaShe wedu Jesu achibva kumakore. Nguva ino yave kunanga kumawere kunopera. Zuva refu reino nyika rave kunoguma. Tave kuswedera pakati-kati pousiku! Rangarira kuti paiva pakati pousiku pavakanzwa mheremhere, *"Ewoo ewoo chikomba chauya! Budai mose mumuchingamidze!"* iyo yakamutsa mhandara gumi dzaiva dzirere [Mateo 25:6].

Nhai imi hama [dzangu] vatendi, makagadzirira here, kana dai kuri kunzi mheremhere saiyoyi inonzwikwa iwo manheru ano? [Ko nhai iwe hama mutendi] urikuramba uchikubvisa here zvisakafanira muupenyu hwako pose apo uno riverenga Shoko raMwari nguva iri yose. Gadziriro yokuuya kwechikomba inosanganisira dikano huru yokugara wakarinda. *"Vasikana vakanga vakarinda vakapinda naye mumutambo wesvista uye musuo wakapfigwa"* [Mateo 25:10].

Kune avo vanofarira kudzokazve kwake, chodikanwa iko zvino kuzvinzvera moyo nokusaneta paminyengetero. Kuzvininipisa, mwoyo wakaputsika, kurinda, kumirira, kumutevera nguva dzose uye muzvose, takabatirira pachiero chokunaka [nokururama] kwake…ndiwoka mweya womunyengetero usina magumo uyo unogadzirira hana dzedu kukudzokazve kwake rwepiri. Magumo.

"Nokuti kana tichitenda kuti Jesu wakafa akamuka zve, …raMwari achaunzawo vaya vakarara murufu muna Jesu. Nokuti izvi ndizvo zvatinokuudzai neshoko raJehovha, kuti isu vapenyu tinenge tichirarama pakuvapo kwaShe hatizombotangiri vakarara murufu; nokuti Ishe pachake achaburuka kudenga achishevedzera nesimba, nenzwi rengirozi huru ebhosvo raMwari, uye vaya vakafa munaKristu ndivo vachatanga kumuka. Pashure pacho isu vapenyu tinenge tichirarama, tichatorwa mumakore, pamwe chete navo, kuti tisangane naShe mumhepo; saka tichazogara tiina Ishe. Saka rambai muchinyaradzana nemashoko aya" [1 VaTesaronike 4:14-18].

Mai Sarah Foulkes Moore vakazvarwa mugore ra1890 vakazopinda kumusha uri kumuso muna 1973. Ivo nomurume wavo Baba Willard Moore ndivo vatangi kudhinda pepa re"Herald of His Coming," umo matinokoponora, kunokora nekupindurira zvinyorwa zvizhinji zvatinokupai mupepa reMharidzo. Mai Moore [vaive] mudzimai aishingairira zvikuru kwazvo paushumiri nebasa remunyengetero. Vaviri vakatora nekukoshesesa Mashoko aya kubva MuShoko raMwari. *"Iva akatendeka kunyange kusvika parufu, uye ndichakupa korona yeupenyu. Ane nzeve ngaanzwem zvinotaurwa nemweya kuungano uchiti: Uya anokundan haazofi rufu rwechipiri"* [2:10b-11].

Hwamanda Isati Yariria

na Peter Scothern

Tave kurarama mumazuva ebvonga mupopoto, kuurayana uye nekudeurwa kweropa revazhinji zvisina hany'a nematuro. Kurwisana,kuvengana, nzara uye kudengenyeka kwenyikawo zviri kuramba zvichingowedzera. Pakadai ruzhinji rwodududzira mukutya, ukuwo rudo ruchiderera. Chokwadi ndechokuti tave mumazuva akasviba uye anotyisa. Ko mutsvene anofanira kurasa moyo here pazvakadai uye panguva yakadai? Mhinduro ndeinoti Kwete! Ko mukristu anofanira kudzimbikana here kana funganya pamusoro pazvo? Hongu! Asika kurasa moyo aiwa kwete! Ishe Jesu Kristu vakagara vatiudza kare kuti zvinhu zvakadai zvichaitika munguva yokuguma uye vatsvene muzvine ungwaru vanofanira kusimudza misoro yavo, *"Panotanga kuitika zvinhu izvi, mumire mugosimudza misoro yenyu, nokuti dzikunuro yenyu ininge yoswedera"* [Ruka 21:28]. Ino yave nguva yokutendeutsira moyo yedu yose kubva kuzhowezvwa yenyika tonan'anidzira kukubwinya kwaticharatidzwa munguva shomanana inotevera. Ukuwo tichienderera mberi nebasa rokukwevera mweya yavazhinji kuupenyu husingaperi. Tisarase mwoyo kana tariro nemvonga mupopoto yakatipoteredza nhasi asi kuti mwoyo yedu neshuviro dzedu zvinofanira kuva paMwenga ari kuuya kubva kumusoro. [Shoko rino] tikurudzira kuti tafarire kuonekwa kwake [zvichireva iye Jesu Kristu], *"Zvino ndakachengeterwa korona yangu yokururama, [anodaro mupositori Pauro kunaTimoti] yandichapihwa naishe, mutongi akarurama pazuva iro, uye kwete ini ndoga, asiwo nokuna vose vanoshuva kuonekwa kwake"* [2 Timoti 4:8]. Kune vamwe vanhu vane unyanzwi mudzidziso mukudurirwa mukuuya rwechipiri kwaJesu Kristu, asi mubvunzo mukuru ndounoti vanhu ivava vanofarira here kuonekwa kwake? Ishe Jesu vakanongedzera kuKereke yevaEfeso sevaya vasina kuvimbika nemhaka yokuti vaive vasiya rudo rwavo rwokutanga. [Inzwa] *"Asi ndine mhoswa iyi newe,wakasiya rudo rwako rwokutanga. Rangarira pawakawa! Tendeuka uye uite zvawakanga uchiita pakutanga"* [Zvakazarurwa 2:4]. Dai mwoyo yedu yaramba ichifashukira murudo rwedu rwuya rwokutanga zvikuru sei takamirira kuonekwa kwake.

Johane, mupositori anodiwa, anonyorawo achiti, *"Tarirai kukura kworudo rwatakaitirwa naMwari Baba vedu rwokuti tinzi tiri vana vaMwari! Uye ndizvo zvatiri! Chinoita kuti nyika itadze kutiziva ndechokuti haina kumuziva. Hama dzinodiwa, zvino tiri vana vaMwari uye zatichazova zvigere kuzivikanwa. Asi tinoziva kuti paachaonekwa, isuwo tichafanana naye nokuti tichamuona sezvaari. Mumwe namumwe anetariro iyi maari achazvichenesa, sezvo iye akachena"* [1Johane 3:1-3].

Vatsvene vanogara vakarindira kuuya kwaishe wavo, vanogarawo vachizvinzvera kuti vave nechokwadi kuti vari pachokwadi here mumweya uye kuti havana here chavano pomerwa. SamaKristu, tinofanira kuramba tichinogeza parukova rweropa raKristu [Asi kana tichifamba muchiedza, saiye ari muchiedza, tinowadzana mumwe nomumwe wedu, uye ropa raJesu Mwanakomana wake, rinotinatsa pazvivi zvose [1Johane 2:7]. Hapana kana chipi zvacho chinofanira kusvibisa zvipfeko zvedu zvemweya. Jesu akataurazve aya mashoko, umufananidzo wavasikana vanegumi, kuti midziyo yedu inofanira kugara ine mafuta [Mateo 25:1-12]. Unozviona here chinosiririsa, zvikuru, chakaitwa nevasikana vashanu mapenzi ndechokuti "Tipeiwo mamwe emafuta enyu, mwenje yedu yave kudzima". Vakange vasisina mafuta mumidziyo yavo, uye apo Chikomba chakauya vakapfigirwa panze. [Waiona here nyaya yacho mudikani? Gara wakarindira.]

Ino yave nguva yokugadzirira mwenje yedu. [Ndokutika igare ine mafuta.] Rino rave awara rokuzvinzvera hana dzedu mumwe namumwe, kunyengetera uye tigozodzwa mafuta oMweya Mutsvene. Ko nhai iwe muverengi wangu, wakazvarwa here patsva? Fungisisa aya manzwi Jesu akapindura akati, *"Ndinokuudza chokwadi hakuna munhu angapinda muumambo hwaMwari kana asina kuberekwa patsva nemvura uye neMweya. Nyama inobereka nyama, uye Mweya unobereka mweya"* [Johane 3:5].

Kana wakazvarwa patsva nemvura uye neMweya, wakatsaurwa here neMweya mutsvene kukushanda raMwari, Inzwa *"Kuda kwaMwari [ndikwo uku] kuti [mutsaurwe] muitwe vatsvene"* [1 VaTesaronika 4:3]. Wakazadziwa here kusvikira pakufashukira neMweya mutsvene. Pauro kuvaEfeso anotiwo naye *"Musadakwe newaini, nokuti ndipo panekusazvidzora. Asi muzadzwe noMweya mutsvene"* [VaEfeso 5:18].

Chinhu chakakosha zvikuru pamuKristu wose zvake, paawara ino yatiri kurarama, kugara mwenje ine mafuta uye kugara takagadzirira kudzokazve rwechipiri kwaShe wedu, Jesu Kristu. Ino inguva yokugadzirisisa ukama hwedu naMwari wamasimba ose. [Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya Mutsvene kuKereke.]

"Tarira, ari kuuya namakore, uye meso ose achamuona,kunyange naivo vakamubaya vachamuona, uye maruedzi ose enyika achachema nokuda kwake. Saka zvichaita saizvozvo! Ameni" [Zvakazarurwa 1:7]. Uyo anopupura zvinhu izvi anoti, *"Uyo anokunda ndichamuita mbiru mutemberi yaMwari wangu. Haazombobudimo. Ndichanyora paari zita raMwari wangu nezita reguta raMwari wangu, Jerusarema idzva, riri kuburuka richibva kudenga kunaMwari, uye ndichanyorawo paari zita rangu idzva"* [3:12]. *"Hongu,ndinokurumidza kuuya"* [22:20].